# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ USAQLAP SATIW TOVAR AYLANISI

*(2020- jıl yanvar)*

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2020- jıldıń yanvar ayında usaqlap satıw tovar aylanısı 444,4 mlrd. sumdı quradı, 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2,7 % ke ósti. Sonıń ishinde, iri kárxanalardıń tovar aylanısı 46,6 mlrd. sumdı (2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 22,2 % ke kemeygen), kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń tovar aylanısı 397,8 mlrd. sumdı (ósim páti 106,7 %), sonnan shólkemlespegen sawda tovar aylanısı 44,0 mlrd. sumdı (2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 102,5 %) quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi (mlrd. sum)**




2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikanıń barlıq aymaqlarında usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri gúzetilip, sonnan joqarı ósim pátleri Beruniy, Tórtkúl, Taqıyatas hám Qońırat rayonlarına tuwra keldi.

## Usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósim pátleri, *(% te)*




Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde úlken úleske iye bolǵan Nókis qalası (respublikanıń ulıwma kólemine salıstırǵanda - 30,2 %), Beruniy (10,2 %), Xojeli (9,5 %), Tórtkúl (9,1 %) hám Qońırat (7,5 %) rayonları usaqlap satıw tovar aylanısı ósimine unamlı tásir kórsetti.

Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde iri kárxanalardıń tovar aylanısınıń kólemi 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 22,2 % ke kemeydi hám 46,6 mlrd. sumdı quradı. Bul ulıwma usaqlap satıw kóleminiń 10,5 % ine tuwra keledi.

Kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi statistikalıq esap-kitaplarǵa kóre 397,8 mlrd. sumdı qurap, 2019- jıldıń yanvar ayına salıstırǵanda 6,7 % ke ósti. Respublika kóleminde usı sektordıń jámi usaqlap satıw tovar aylanısındaǵı úlesi 89,5 % ke teń kelmekte.

## Usaqlap satıw tovar aylanısı quramı, *(% te)*




## Usaqlap satıw sawda aylanısında iri kárxanalar, kishi biznes hám jeke isbilermenliktiń úlesi, (% te)



Analiz nátiyjelerine kóre, usaqlap satıw tovar aylanısında kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń úlesi boyınsha Bozataw (100,0 %), Qanlıkól (99,8 %), Qaraózek (99,6 %), Shomanay (99,6 %) hám Kegeyli (99,5 %) rayonları jetekshilik qılmaqta.

Usaqlap satıw tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń úlesi 10,5 % ti qurap, eń joqarı úles Nókis qalasında (24,9 %), Taqıyatas (17,8 %) hám Tórtkúl (10,7 %) rayonlarında gúzetilgen.

## Iri kárxanalar, kishi biznes hám jeke isbilermenliktıń usaqlap satıw tovar aylanısındaǵı kólemi

| | **Iri kárxanalar** (mln. sum) | **2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, % te** | **Kishi biznes hám jeke isbilermenlik** (mln. sum) | **2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, % te** |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **46 649,3** | **77,8** | **397 721,7** | **106,7** |
| *Qala hám rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 1 656,7 | 97,0 | 29 529,6 | 103,9 |
| Beruniy | 1 099,2 | 101,7 | 44 201,6 | 104,1 |
| Bozataw | - | - | 1 798,1 | 100,5 |
| Qanlıkól | 22,4 | 47,9 | 10 629,9 | 101,0 |
| Qaraózek | 57,8 | 94,7 | 13 253,0 | 100,0 |
| Kegeyli | 45,0 | 82,8 | 9 659,0 | 100,3 |
| Qońırat | 1 173,3 | 80,4 | 32 255,0 | 113,9 |
| Moynaq | 44,5 | 107,5 | 2 827,9 | 102,0 |
| Nókis | 58,4 | 85,7 | 8 354,7 | 102,8 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Taqıyatas | 1 922,9 | 93,9 | 8 884,7 | 109,0 |
| Taxtakópir | 504,7 | 4,1 e. | 10 233,3 | 99,3 |
| Tórtkúl | 4 343,7 | 122,2 | 36 143,4 | 104,2 |
| Xojeli | 998,3 | 91,5 | 41 435,2 | 102,5 |
| Shımbay | 769,6 | 113,1 | 15 160,9 | 101,6 |
| Shomanay | 37,8 | 43,1 | 8 648,4 | 101,8 |
| Ellikqala | 589,9 | 99,6 | 23 984,1 | 102,5 |
| Nókis q. | 33 325,2 | 70,6 | 100 723,0 | 115,9 |

2020- jıl yanvar ayında usaqlap satıw tovar aylanısı respublika boyınsha xalıq jan basına 235,9 mıń sumdı qurap, 2019-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,2 % ke kóbeygen. Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı 2020- jıldıń yanvar ayında 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikamızdıń barlıq rayonlarında ósim guzetilip, eń joqarı kórsetkishler Nókis qalası (422,5 mıń sum), Xojeli (348,1 mıń sum) hám Taxtako`pir (268,4 mıń sum) rayonları esabına tuwra keledi.

Sonday-aq, xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı boyınsha eń az kórsetkishler Moynaq (91,2 mıń sum), Kegeyli (134,4 mıń sum) hám Shımbay (142,5 mıń sum) rayonlarında gúzetildi. Usı kórsetkish respublika qala hám rayonları kesiminde tómendegishe sáwlelenedi:

**Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı**

| | **Kólemi** (Mıń sum) | **2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, % te** |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **235,9** | **101,2** |
| *Qala hám rayonlar:* | | |

| | | |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 158,1 | 101,6 |
| Beruniy | 239,1 | 101,9 |
| Bozataw | - | - |
| Qanlıkól | 210,1 | 99,4 |
| Qaraózek | 253,1 | 99,2 |
| Kegeyli | 134,4 | 123,8 |
| Qońırat | 258,9 | 111,0 |
| Moynaq | 91,2 | 100,5 |
| Nókis | 169,3 | 100,4 |
| Taqıyatas | 147,4 | 104,6 |
| Taxtakópi | 268,4 | 102,5 |
| Tórtkúl | 190,7 | 103,9 |
| Xojeli | 348,1 | 100,9 |
| Shımbay | 142,5 | 104,5 |
| Shomanay | 155,4 | 100,3 |
| Ellikqala | 155,9 | 100,5 |
| Nókis q. | 422,5 | 98,6 |

Sonnan, 2020- jıldıń yanvar ayı dawamında usaqlap satıw tovar aylanısı quramında awqatlanıw kárxanalarınıń sawda aylanısı 3,2 % ti qurap, 14,2 mlrd. sumǵa jetti yaǵnıy 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 5,5 % ósimge erisildi. Bunda jámi sawda aylanısınıń 99,5 % úlesi kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleri úlesine tuwra kelmekte.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ KÓTERE SAWDA TOVAR AYLANISI

*(2020-jıl yanvar)*

2020- jıl basınan respublika boyınsha kótere sawda tovar aylanısı 112,6 mlrd. sumdı quradı hám 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 7,8 % ke kemeydi.

Kótere sawda tovar aylanısında eń joqarı kólem kishi biznes subyektlerine tuwra kelip, 2020- jıl yanvar ayı juwmaqlarına kóre 90,5 mlrd. sumdı qurap, 2019-jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 99,8 % ti quradı. Usı sektordıń jámi kótere sawda aylanısındaǵı úlesi 80,4 % ti quramaqta. Bul ko'rsetkish basqa rayonlar menen salıstırǵanda, Beruniy, Qanliko`l, Qorao`zek, Kegeyli, Qońirat, Moynaq, Nókis, Shımbay, Shomanay hám Ellikqala rayonlarında 100 % ti quraǵan.

### Iri kárxanalar hám kishi biznes subyektleriniń kótere sawda tovar aylanısındaǵı úlesi, (% te)



Kótere sawda tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń úlesi 19,6 % ti quradı, iri kárxanalardıń kópshiligi Xojeli rayonında (jámige salıstırǵanda úlesi - 91,5 %), Nókis qalası (4,4 %) hám Ámiwdárya rayonında (3,7 %) gúzetildi.

## Qala hám rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısı kólemi

| | Jámi (mln. sum) | 2019-jıldıń usı dáwirine salıstır-ǵ anda, % te | Iri kárxanalar (mln. sum) | 2019-jıldıń usı dáwirine salıstır-ǵ anda, % te | Kishi biznes subyektleri (mln. sum) | 2019-jıldıń usı dáwirine salıstır-ǵ anda, % te |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **112 616,2** | **92,2** | **22 088,7** | **70,2** | **90 527,5** | **99,8** |
| *Qala hám rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 1 943,9 | 182,8 | 72,6 | 101,9 | 1 871,3 | 188,7 |
| Beruniy | 7 250,3 | 113,1 | - | - | 7 250,3 | 113,1 |
| Bozataw | - | - | - | - | - | - |
| Qanlıkól | 2 147,0 | 157,7 | - | - | 2 147,0 | 157,7 |
| Qaraózek | 1 300,3 | 5,0 e. | - | - | 1 300,3 | 5,0 e. |
| Kegeyli | 87,1 | 114,5 | - | - | 87,1 | 114,7 |
| Qońırat | 3 713,1 | 144,0 | - | - | 3 713,1 | 144,0 |
| Moynaq | 317,8 | 3,0 e. | - | - | 317,8 | 3,0 e. |
| Nókis | 7 898,0 | 85,6 | - | - | 7 898,0 | 85,6 |
| Taqıyatas | 2 298,4 | 89,1 | 29,1 | 27,1 | 2 269,3 | 91,8 |
| Taxtakópir | 1 038,4 | 107,6 | 12,4 | 83,5 b. | 1 026,0 | 106,3 |
| Tórtkúl | 7 419,3 | 163,2 | 121,1 | 20,5 | 7 298,3 | 184,4 |
| Xojeli | 21 609,6 | 90,5 | 19 776,0 | 88,4 | 1 833,6 | 121,6 |
| Shımbay | 2 246,6 | 124,9 | - | - | 2 246,6 | 142,1 |
| Shomanay | 40,1 | 186,6 | - | - | 40,1 | 186,6 |
| Ellikqala | 5 793,2 | 96,1 | - | - | 5 793,2 | 96,1 |
| Nókis q. | 4 7513,1 | 77,6 | 2 077,6 | 25,6 | 45 435,4 | 85,5 |

## Qala hám rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısınıń 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ózgeriw pátleri, (% te)




Kótere sawda tovar aylanısında 2019- jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda eń tómen kórsetkishler Nókis qalasında (77,6 %), Nókis (85,6 %), Taqıyatas (89,1 %) hám Xojeli (90,5 %) rayonlarında gúzetildi.

**Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám sawda statistikası bólimi**
**Tel.: 71 230-82-06**